

**Notice of Appeal Rights and Time to File a Petition for Post-Conviction Relief Colloquy**  
**Avi Dwa Dapèl ak Moman Adekwa pou Depoze yon Petisyon pou Redrèsman Aprè yon Kondanasyon –**  
Haitian Creole

You have 45 days from today to appeal your conviction and sentence.  
Ou gen 45 jou apati de dat jodiya pou fè rekou dapèl kondanasyon ak santans ou.

[If the defendant was represented by private counsel, read the following:

If your private attorney does not continue to represent you on appeal, you or your attorney should contact the Criminal Division Manager's office to apply for a Public Defender.]

[Si akize a te reprezante pa yon avoka prive, li sa ki swiv la:

Si avoka prive w an pap kontinye reprezante ou pou rekou dapèl la, ou menm ansanm ak avoka w a fèt pou kontakte biwo Manadjè Depatman Kriminèl la pou ka aplike pou yon Avoka Ladefans Piblik].

If you cannot afford counsel the Public Defender's Office will continue to represent you.

Si w pa gen mwayen pou peye yon avoka prive, Biwo Avoka Ladefans Piblik la ap kontinye reprezante w.

If you miss the 45-day deadline you can ask for a 30 day extension to file your appeal if you can show a good reason for missing the deadline.

Si w ta rate dat limit 45 jou yo ou kab mande yon ekstansyon pou 30 jou adisyonèl pou depoze rekou dapèl la si w kab demontre bon jan rezon pouki ou te rate dat limit la.

If you miss the extended deadline you may lose your right to appeal. Do you have any questions about your right to appeal?

Si w ta rate dat limit ekstansyon a ou takab pèdi dwa pou fè rekou dapèl la. Èske w gen kesyon konsènan dwa dapèl ou?

You have 5 years from today's date to file a petition for post-conviction relief, unless an exception to this general rule applies as set forth in *R. 3:22-12*.

Ou gen 5 lane apati de dat jodiya pou depoze yon petisyon pou redrèsman aprè kondanasyon, amwens ke ta gen kèk eksepsyon a règ jeneral sa a ki aplike dapre jan li etabli nan *R. 3:22-12*.

Did you discuss the Notice of Appeal Rights and Time to File a Petition for Post-Conviction Relief Appeal Rights Form with your attorney?

Èske w te pale de Avi pou Dwa Dapèl la ak Moman pou Prezante Fòm Dwa Dapèl la ansanm ak Petisyon pou Redrèsman Aprè Kondanasyon a ak avoka w?

Did you sign the Notice of Appeal Rights and Time to File a Petition for Post-Conviction Relief?

Èske w te siyen Avi Dwa Dapèl la ak Moman pou Prezante yon Petisyon pou Redrèsman Aprè Kondanasyon?

Based on what you have said, I am satisfied that you have knowingly and intelligently executed the Notice of Appeal Rights and Time to File a Petition for Post-Conviction Relief and clearly understand your appeal rights and time to file a post-conviction relief application.

Dapre sa w di a, Mwen satisfè ke w siyen Avi Dwa Dapèl ak Moman pou Prezante yon Petisyon pou Redrèsman aprè Kondanasyon ak tout konesans de kòz ak tèt klè epi tou, ke w byen konprann tout dwa dapèl ou yo ak moman pou prezante yon aplikasyon pou mande redrèsman aprè yon kondanasyon.